



Sikap	Pengetahuan	Ketrampilan
<p>Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran dan mengumpulkan hasil pembelajaran.</li> <li>• bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung</li> </ul>	<p>Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) berupa 8 soal esay, dan penilaian harian berupa 10 soal pilgan</p>	<p>Peserta didik membuat naskah sandiwara sederhana satu babak dengan tema kesehatan, kemudian diperagakan.</p>

Mengetahui  
Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Guru Mata Pelajaran

Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

## Lampiran 1

Materi Sandiwara

### A. Kawruh Babagan Sandiwara

Sandiwara asale saka tembung sandi (wadi/rahasia) lan warah (piwulang/ajaran). Sandiwara teges ajaran kang diwulangake kanthi sinandi utawa ora kanthi terus terang utawa blak-blakan. Ing sandiwara kasebut ngemot piwulang tumrap kang mirsani.

Sandiwara mono ana pirang-pirang jinis, salah sijine yaiku jinise sandiwara miturut arane naskah, kaperang dadi 2 (loro), yaiku :

1. Sandiwara tradisional, yaiku tontonan sandiwara kang ora ‘migunakake naskah. Watak, paraga, rembugan, lan solah tingkahe ora ana pakeme, manut paragane dhewe. Tuladha sandiwara tradisional Kethoprak (Jawa Tengah, DIY), Ludruk (Jawa Timur), Lenong (Betawi).
2. Sandiwara modern, yaiku sandiwara kang migunakake naskah, naskah kang isine paguneman lan solah tingkahe paraga. Para paraga anggone nindakake lakon kanthi ngapalake paguneman lan solah tingkah ora mlenceng saka naskah.

Kang perlu digatekake manawa arep nulis utawa gawe pacelathon

- a. Nemtokake underane pacelathon (tema)
- b. Golek sumber/materi kang jumbuh karo underane
- c. Nemtokake jumlahe paraga ing pacelathon
- d. Ngrembakakake underan kang wis ditemtokake digawe ukara-ukara
- e. Nulis pacelathon kanthi migunakake ejaan kang bener
- f. Migatekake unggah-ungguh kang trep ing saben paraga

## CORONA

### Babak 1

Ing sajronng omah katon anggota kulawarga ana ing ruwang kulawarga. Bapak mirsani TV, ibu lenggahan ana ngarep laptop. Anak wadon kang aran Lika uga ana ngarep laptop dene adhine Lika kang aran Adin nggarap tugas sekolahe dhewe.

Bapak : “Wis rampung tugasmu, Le?”

Adin : “Dereng Pak... Lha wong tugase kathahe eram lhe Pak.”

Bapak : ”Lha tugasmu kudu dikirim kapan?”

Adin : “Benjang tabuh 14.00 telat-telate, Pak.”

Lika: “Mula yen ana tugas ki gek digarap, ora mung main game wae...!”

Adin : “Menenga wae ta, Mbak...! Ora malah ngganggu wae!” (*karo njabrut, bathuke njengkerut*)

Lika : “Lha bener apa ora omongane Mbak Lika, hayooo?” (*nyedhakake awak ana ngarepe Adin, mripate dikedhip-kedhipake*)

Bapak : “Wis gek dirampungke, Le! (nyawang Adin) “Lika wis aja njarag adhine wae, ta...”

Lika : “Inggih Pakkk...(ninggalake papan kono tumuju kamar karo nggawa laptope)

Adin : “Jan-jane corona niku punapa, Ta Pak?”

Bapak : “Corona iku jinise virus kang nyerang pernapasane manungsa lan nganti bisa njalari pati. Virus iki asale saka Wuhan, China, kanthi cepet nyebar ing sadhengah negara ing donya iki, ya nganti tekan negarane dhewe iki, Le.”

Adin : “Tiyang ingkang ketaman virus niki kados tiyang flu nggih,Pak?”

Bapak : “Iya ngono ning ana bedane. Dadi ciri-cirine wong ketaman virus corona iki yaiku panase awak dhuwur, watuke garing, lemes, tenggorokane lara, napase seseg utawa angel ambegan lan sirah lara.”

Ibu : “Wah lha ya meh padha karo gejala-gejala flu, ya pak? Donya dadi geger gara-gara corona. Bocah sekolah lan kuliah ora mlebu, cukup daring kang ditampa lan ditindakake saka ngomah wae.”

Bapak : “Lha ya ora gur bocah sekolah, para pegawai ya nyambut gawe saka ngomah uga kabeh warga ya ora kena metu saka ngomah yen ora perlu banget.”

Adin : “Tugase sesuk melih nggih, pak. Niki sampun ngantuk, tilem rumiyin, nggih?”

Bapak : “Iya kana, sesuk gek dirampungke ya, le! Ora sah diendhe-endhe garapane.”

Adin : “Enggih Pak.”

### Babak 2

Katon wayah esuk, ana ing pekarangan etan omah. Lika nyapu latar, Adin ngresiki kandhang manuk, bapak resik-resik kebon dene ibu ana ndhapur mangsak.

Adin : “Pak bapak, pareng jalan-jalan”

Bapak : (Ndengengek nyawang Adin) “Jawaben dhewe Le, pareng apa ora?”

Lika: “Ya jelas ora pareng, ta ya...”

Adin : “Sedhik aku.... gur arep jalan-jalan karo kanca wae ora pareng, lha Adin kebacut janji lha Pak. Jarene janji niku utang, Pak”

Bapak : “Ora papa, kana dibatalke, ditelpun yen ora sida jalan-jalan. Ya bener janji kuwi utang, nanging yen kaanan lagi kaya ngene iki ... luwih becik mbatalke janji dadi ora diarani mblenjani, Le”

Adin : (Mlebu omah banjur metu wis nggawa hp) “Hallo Tam, Ora sida jalan-jalan, ora pareng metu aku. Sik ya. Apurane ya”

Lika : “Wis ...gampang, ta? Saiki lagi jaman NOW ..**na omah wae**. Supaya covid 19 ora ngambra-ambra supaya enggal cures.”

Adin : “Lha ning bosen lho mbak ana ngomah wae ki, penak sekolah ketemu kanca-kanca.”

Lika : “Wehhh lha ya kuwi sing ora kena, Dik. Sebab nulare corona kuwi saka wong sing kena virus nalika watuk utawa wahing ngetokake cipratan sing saka irung utawa tutuk. Cipratan mau manawa jiblok lan ana wong sing tanpa sengaja ndemok cipratan mau, wong kuwi mau bisa ketularan, mangkono sateruse.”

Adin : ”Wow, kaya ngono ta carane nular. Berarti virus kuwi mbebayani banget ya, Mbak?”

Lika : “Ya jelas, mula kabeh didhawuhi ana ngomah lan nindakake *social distancing* utawa jaga jarak ora cedhak-cedhak, ora sah lelungan yen ora perlu banget. Awake dhewe kudu jaga-jaga dhewe supaya ora ketularan, ya ora sah metu.”

Adin : “Wis mbak, aku ora arep metu-metu, ana ngomah wae, supaya aman.”

Lika : “Tenan lho, ora ngreweli arep dolan karo kancamu terus, lho.”

Adin : “Sipp... beres Mbak.” (ngacungke jempole)

Bapak : “Le, renea, ewangana bapak!”

Adin : “Inggih Pak...”(ninggalake kandhang manuke, marani bapak)

Ibu : ‘Lika... yen wis rampung nyapumu gek genti rewangana ibu!’(Swara saka njero dhapur)

Lika : “Inggih, bu...” (mlebu menyang njero dhapur)

### Babak 3

Swasana desa awan kuwi pancen beda karo dina-dina sadurunge. Sepi, dalan-dalan sepi ana mung siji loro sing sepedha motor sing liwat, beda karo sadurunge ana corona, kendharaan pating sliwer. Kaanan omah kusi ya kaya padatan, biasa wae. Ana meja katon akeh jajanan, kanggo cepak-cepak yen kentekan klethik-klethik.

Adin : “Alhamdulillah akeh panganan. Langsung serbu, oenak ki...!” (*sumringah nyawang panganan dnhuwur meja*).

Lika : “Eit, mengko dhisik cah bagusss. Iki kanggo persediaan sesuk-sesuk meneh, ora mung kanggo dina iki, lho Dhik.” (*Nutupi panganan sing ana meja*)

Adin : “Lha ngapa, ta Mbak? Ibu mundhut jajanan ki ben dimaem, kenapa ora oleh?” (*Praupane gela*)

Lika : “Bener dimaem, ning saiki kaanane lagi kepiye, horok? Awake dhewe ora oleh metu saka ngomah, kabeh kegiatan ditindakake ana ngomah. Kowe wae ya ditugasi, digarap lan dikirim saka ngomah, ta? Mbak Lika kuliah ya saka ngomah, presentasi saka ngomah, nggarap tugas lan dikirim ya saka ngomah.”

Adin : “Iyok Mbak, antarane wong siji lan sijine ora pareng cedhak-cedhak, diwatesi, umpama kepeksa njupuk dhuwit neng Bank, kudu njaga jarak antarane wong siji lan sijine paling ora sameter, tur wis diwenahi tandha. Apa tujuwane kok kudu ngono ya, Mbak?”

Lika : “Lha ya kuwi, salah siji cara kanggo ngawekani supaya ora nulari lan ketularan virus corona utawa covid 19, Dhik. Ora senggolan.”

Adin : “Lha jare sing mulih saka Jakarta utawa njaba dhaerah kudu *mengisolasi diri*, ora pareng metu-metu, kudu ona njero ngomah wae suwene 14 dina. Kuwi ya supaya ora nulari tangga-tangga ya, Mbak?”

Lika : Iya, bener dhik. Yen wong sadhar ya kudu nindakake aturane pamarentah. Umpama wong-wong nindakake dhawuh, Insya Allah wabah ora bakal ngambra-ambra, ora kesuwen.

Adin : “Gek sekolah meneh ya, mbak, ora gur nggarap tugas terus, bosennnn. Ana ngomah, ora entuk sangu, ora ketemu kanca, ora ketemu guru lan ora ketemu mas gojek.” (karo ngemplok panganan)  
Kowe ngerti ora mbak? Mas Gathut tanggane dhewe, wingi lagi bali saka Jakarta, ora mengisolasi diri ki, Mbak. Malah pit-pitan liwat ngarepe dhewe, lho!”

Lika : “Apa iya? Wah lha kuwi urusane Pak RT, dhik. Wong sing mulih saka njaban dhaerah ki kudu didhata lan dilaporke saka RT menyang kalurahan. Ora oleh metu saka ngomah utawa *stay at home*. Kabeh kuwi kanggo jaga-jaga. Mula kowe aja metu-metu tenan lan aja lali nganggo masker kain ora papa lho, Dhik!”

Adin : “Beres, ana ngomah wae kepenak, ngentekne panganan...(ngguyana ngguyu karo njupuk panganan meneh)

Lika : (Nyekel tangane Adin sing meh njupuk panganan) Eit, leren dhisik mangane, apa wetengmu ora kekebaken, ta dhik? Mengko meneh ....!” (Adin mesam-mesem)

- Adin : “Isih muat, Mbak.” (Ndemok weteng). “Eh mbak, lha supaya ora ketularan virus covid 19 ki, saliyane ora metu saka ngomah lan nganggo masker, apa meneh, Mbak?”
- Lika: “Mangan sing *berkualitas* maksude bergizi, dhedhe sunaring srengenge, olah raga, kerep wijik tangan nganggo sabun lan aja ndemok mripat, irung lan tutuk kang minangka mlebu virus menyang njero awak. Ora duwe panyakra bawa ala marang wong liyan. Sing *positif thanking*, supaya imun awak tetep sip.”
- Adin : “Ohhh.... paham aku mbak...”(manggut-manggut)

#### Babak 4

**Ana ing meja mangan sabubare dhahar sore. Bapak, ibu, Lika lan Adin lagi padha jagongan, ing ngarepe dhewe-dhewe ana cangkir wedang jae sing digodhog karo temulawak, kunir, sere, kayu manis lan gula aren.**

- Adin : “Pak coronane niki bubare kapan, ta Pak?.”
- Bapak : (Nyawang Adin) “Lha, kuwi sing aku ora bisa njawab, Le. Yen padha nindakake dhawuhe pamarentah ya bakal enggal purna. Saliyane kuwi sing ora kena lali tansah nyenyuwun, ndedonga marang Kang Kwasa, muga-muga corona enggal musna ilang sateruse.”  
“Aamiin ya rabbal alamiin”(kabehe ngamini ngendikane bapak)
- Ibu : “Lha iya ya, Pak. Minangka umate Gusti Allah bisane usaha lan tansah ora kendhat ndedonga marang Kang Maha Agung.”
- Bapak : “Bener, Bu. Kabehe ora sah padha sesambungan utawa nganakake patemon langsung dhisik. (Nyawang Lika) “Lha kowe sesuk apa ya ana kuliah ngomah, Ndhuk?”
- Lika : “Wonten, Pak, jam 09.00. Sekeca kuliah tatap muka, Pak. Kuliah online malah kekathahen tugas. Materi ndadak pados piyambak, wekdal nggarap dipunwatesi. Pokoke mboten penak. Pulsa borosss.”
- Ibu : “Ya dinikmati wae, Ndhuk. Supaya ora mbentoyong pikiranmu.”
- Adin : “Kaya aku iki lho, Mbak, dinikmati.” (mesem karo mripate kethil-kethil).
- Bapak : “Kaanan kaya mangkene iki bisa dijupuk hikmahe. Awake dhewe kudu njaga karesikan, sangsaya nyedhak marang Kang Kwasa. Uga kudu bisa njaga rasa siji lan sijine. Kesehatan iku larang regane.”
- Ibu : “Bener pangandikan panjenengan kuwi. Ning ya mesakne bakul-bakul cilik. Bocah-bocah sing biasane jajan, ora ana sing jajan sebab ora wani metu. Muga-muga enggal purna wabah corona utawa covid 19.”  
“Aamiin....” (Bebarengan karo mbukak tangan)
- Bapak : “Aamiin. Wedang jaene ayo gek padha diombe mumpung isih anget.”
- Ibu : “Ohhh iya, nganti wis meh adhem.” (Mesem, sinambi nyekel cangkir arep ngunjuk, kabehe padha ngonjuk)
- Adin : “Pak, benjang enjang bar sarapan, Adin pareng ngecet kandhang manuk, Pak?”
- Bapak : “Pareng, ning aja lali yen wis rampung, alat-alate dibalekake nggon maune.”
- Lika: “Aja lali nganggo masker! Yen wis rampung wijik tangan disabun nganti resik!” (Nyekel masker sing dienggo)
- Adin : “Iya mbakku....! Mbak yen kowe ora galak ki ayu banget lhoo...”(Lika siap njiwit adhine, Adin wis endha)
- Bapak : “Wis-wis ora pareng, mengko mundhak dadi temenan. O iya, sesuk aja padha lali dhedhe soroting srengenge lho, ya. Sajroning awak kang sehat, corona bakal tamat. Tansah ndedonga marang Illahi Robbi, corona bakal mati.”
- Bebarengan : “Aamiin ya rabbal alamin. Semangat.”

#### TAMAT

(Muga-muga corona utawa covid 19 uga wis tamat)

#### B. Sumber Belajar :

1. Baut Basa Jawa KL.IX ( Dwi Bambang Putut Setyadi )
2. Materi Pendamping Siswa ( MGMP Bhs Jawa Wonogiri )
3. Antologi Sandiwara Tradisional
4. Internet

#### Lampiran 2

#### A. Lembar Kerja siswa

##### 1. Penilaian Pengetahuan

a. Kisi-kisi : Siswa dapat menjawab pertanyaan sesuai dengan isi sandiwara

##### b. Soal-soal

Wangsulana pitakon-pitakon iki adhedhasar naskah sandiwara kasebut!

1. Sapa wae paraga ing sandiwara kasebut?
2. Apa kang komangerteni babagan Corona utawa Covid19?
3. Apa akibate tumrape bocah sekolah lan kuliah kanthi anane corona?
4. Apa sebabe Lika nyekel tangane Adin?

5. Kang dikarepake mangan kang berkwalitas iku kepiye?
6. Kanggo ngawekani panulare covid 19 apa kang kudu ditindakake?
7. Apa kang njalari Lika ora seneng kuliah online?
8. Adi dikeparengake ngecet kandhang manuk ananging sawise ngecet, kudu nindakake apa?

Kunci jawaban :

1. Bapak, Ibu, Lika, Adin
2. Jenengi virus kang nyerang perangan pernapasane manungsa, lan bias njalari pati.
3. pasinaon ditindakake sacara daring
4. amarga adin pengin njupuk panganan meneh.
5. panganan sing bergizi
6. nganggo masker, ngresiki tangan, njaga jarak, lan mangan panganan sing bergizi
7. amarga kakehan tugas, wektune nggarap diwatesi, lan boros pulsa
8. nganggo masker, yen wis rampung wijk nganggo sabun sing resik.

#### Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 5, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 8 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 40.

skor yang diperoleh

Nilai ( 1 ) : ----- X 100

Skor maksimal ( 40 )

#### 2. Penilaian Keterampilan

**a. Kisi-kisi** : Siswa dapat menulis dan menyajikan sandiwara satu babak

**b. Soal** : Coba nulis naskah sandiwara sababak, banjur paragakna!

#### C. Penilaian Harian

Pilih wangsulan kang bener kanthi menahi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d !

Gatekna teks sandiwara iki!

Lika : “Lha ya kuwi, salah siji cara kanggo ngawekani supaya ora nulari lan ketularan virus corona utawa covid 19, dhik. Ora senggolan.”

Adin : “Lha jare sing mulih saka Jakarta utawa njaba dhaerah kudu *mengisolasi diri*, ora pareng metu-metu, kudu ona njero ngomah wae suwene 14 dina. Kuwi ya supaya ora nulari tangga-tangga ya, Mbak?”

Lika : Iya, bener dhik. Yen wong sadhar ya kudu nindakake aturane pamarentah. Umpama wong-wong nindakake dhawuh, Insya Allah wabah ora bakal ngambra-ambra, ora kesuwen.

Adin : “Gek sekolah meneh ya, mbak, ora gur nggarap tugas terus, bosennnn. Ana ngomah, ora entuk sangu, ora ketemu kanca, ora ketemu guru lan ora ketemu mas gojek.” (karo ngemplok panganan)

“Kowe ngerti ora mbak? Mas Abimanyu tanggane dhewe, wingi lagi bali saka Jakarta, ora mengisolasi diri ki, Mbak. Malah pit-pitan liwat ngarepe dhewe, lho!”

1. Apa kang njalari Adin bosen ana ngomah?
  - a. Mengisolasi diri 14 dina
  - b. Sekolah lan kuliah ana ngomah
  - c. Tanggane kang mulih saka Jakarta mung pit-pitan wae
  - d. Ora entuk sangu, ora ketemu kanca, ora ketemu guru lan ora ketemu mas gojek
2. Sapa kang selak kepengin mlebu sekolah?
  - a. Adin
  - b. Lika
  - c. Ibu
  - d. Bapak
3. Watak ... ora jumbuh karo wewatakane Adin.
  - a. Ngugemi janji
  - b. Seneng guyon
  - c. Mbangun miturut
  - d. Gumedhe
4. Adin enggal kepengin mlebu sekolah jalaran yen ora mlebu sekolah ...  
Wangsulan iki bener kajaba ....
  - a. Ora entuk sangu
  - b. Ora ketemu guru lan kanca
  - c. Ora oleh tugas akeh
  - d. Ora nggarap tugas terus
5. Apa kang ditindakake Mas Abimanyu sawise mulih saka Jakarta?
  - a. Mengisolasi diri
  - b. Ora ketemu karo wong-wong salingkunag
  - c. Mriksakake menyang RS
  - d. Ora mengisolasi diri

6. Gatekna naskah sandiwara iki!
- Adin : “Pak coronane niki bubare kapan, ta Pak?.”
- Bapak : (Nyawang Adin) “Lha, kuwi sing aku ora bisa njawab, Le. Yen padha nindakake dhawuhe pamarentah ya bakal enggal purna. Saliyane kuwi sing ora kena lali tansah **nyenyuwun, ndedonga** marang Kang Kwasa, muga-muga corona enggal musna ilang sateruse.”
- “Aamiin ya rabbal alamiin”(kabeh ngamini ngendikane bapak)
- Ibu : “Lha iya ya, Pak. Minangka umate Gusti Allah bisane usaha lan tansah ora kendhat **ndedonga** marang Kang Maha Agung.”
- Apa kang diamini dening para paraga?
- Nindakake dhawuhe pamarentah.
  - Tansah ndedonga lan nyenyuwun.
  - Muga-muga corona enggal musna ilang sateruse
  - Minangka umate gusti allah
7. Tembung kang cinithak kandel ing naskah sandiwara kasebut, mujudake tembung rangkep ....
- Dwi purwa
  - Dwi lingga wantah
  - Dwi lingga semu
  - Dwi wasana
8. Pratelan ... ora jumbuh karo isine sandiwara “Corona”
- Kulawarga ing crita urip rukun
  - Kang dirembug babagan virus corona, carane nular lan carane ngwekani panulare.
  - Lika bisa nerangake babagan corona marang adhne
  - Adin tetep pit-pitan karo kancane jaaran wis kebacut janji
9. Sapa kang kudune tansah usaha lan nyenyuwun marang Dusti Allah?
- Bapak
  - Ibu
  - Adin lan Lika
  - Kabeh umate Gusti Allah
10. Gatekna pratelan-pratelan iki!
- Nemtokake jumlahe paraga ing pacelathon
  - Nemtokake underane pacelathon (tema)
  - Golek sumber/materi kang jumbuh karo underane
  - Nulis pacelathon kanthi migunakake ejaan kang bener
  - Ngrembakakake underan kang wis ditemtokake digawe ukara-ukara
- Urut-urutane nulis naskah sandiwara utawa naskah pacelathon yaiku ...
- 1, 2, 3, 4, 5
  - 2, 3, 1, 4, 5
  - 3, 1, 2, 4, 5
  - 4, 5, 1, 2, 3

**B. Kunci jawaban :**

<b>1. d</b>	<b>6. c</b>
<b>2. a</b>	<b>7. a</b>
<b>3. a</b>	<b>8. d</b>
<b>4. c</b>	<b>9. d</b>
<b>5. a</b>	<b>10. b</b>

**C. Pedoman Penskoran:**

Setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 15 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20.

skor yang diperoleh

Nilai ( 1 ) : ----- X 100

Skor maksimal ( 20 )